Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Лулахошна йиттина хилла "Ахматан" латархо Украинерчу тIамехь вийна

Мангал-бутт 29, 2026




Юнусов ДжихIад

Украинерчу тIамехь вийна латархойн "Ахмат" клубан хилла декъашхо Юнусов ДжихIад. Соьлжа-ГIалахь шина зудчунна йиттинчул тIаьхьа тIамтIе вахийтинера иза. Цунна дуьхьал айдина бехкзуламан гIуллакх хиллий а- хууш дац. Меттигечру Iедалхоша дош деллера, шаьш "цунна хьакъ долу таIзар" дийр ду аьлла.

Юнусов кхалхарх лаьцна дуьххьара хаамбина нохчийн "NIYSO" боламо. Жигархойн хаамашца, йуьхьанца бина барт хиллера боху, штурмашкахь цуьнга дакъалоцуьйтур дац, контрактан хан тIамана генахь йоккхуьйтур йу аьлла. Амма командирца дов даьлла хиллера цуьнан. "Оьрсийчоьнан эскарехь деш ма-хиллара, йуха ца богIучу меттиге вахийтинера иза", - чIагIдо боламан векалша. NIYSO-но шайна и хаам стенгара хиъна а, дуьйцуш дац. Маца, муха валар нисделла Юнусовн -хууш дац.

Спортхо шен лулахошна тӀелеташ, стигалкъекъа-баттахь видео нахалайелира. Иза церан кочавахна хиллера, оцу хӀусамна чу воьдучохь, цуьнан петаран неӀ а гойтуш, йиллинчу камерана тӀехула. И видео дӀасайаьржинчул тӀаьхьа Юнусов "Ахмат" клубан йукъара дӀаваьккхира, ткъа Нохчийчуьра чоьхьарчу гӀуллакхийн министралло дӀахьедира шаьш таллам болорах цу гӀуллакхан хьокъехь. ЖамӀаш хӀинца а довзийтина дац. Оцу хиллачух лаьцна вистхилира ишта къоман политикан, арахьарчу зӀенийн информацин министр Дудаев Ахьмад. Цо чӀагӀо йира, «догӀу таӀзар дийр ду бехкечунна» аьлла. Дукха хан йалале Юнусовс хаамбира, "Север-Ахмат" полкан декъехь ша Украине тӀом бан воьдуш ву аьлла. Оппозицин блогеро Абдурахманов Тумсос бохура, Нохчийчоьнан урхалхочунна "дукхабезачех цхьаъ вара иза".

- Кхарарчу беттан йуьххьехь нохчийн жигархоша дӀахьедира, Украинана дуьхьал тӀом бан махкара 80 стаг хьажийна аьлла. Уьш хиллера ницкъаллин структурийн белхахоша хьалхо лечкъийна бигина, лаьцна латтош хилла нах. Кхечу хьостанаша кхунах лаьцна дуьйцуш дац. Меттигерчу Ӏедалхоша а йеш комментарий йац. Оцу йукъанна стохка Нохчийчуьра Лакхарчу кхело NIYSO "экстремистийн организаци" йу аьлла, дӀакхайкхийра.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю